

Pou Prevalyon VIH
Famasi Apre-Eksposiziyon
PWofilaksi liyan nan



9901



(Haitian Creole)

Department
of Health

1/18

Si ou bezwen PEP epi ou pa gen asirans sante (Medicaid oswa asirans prive) tanpri ale direkteman nan yon Depatman Ijans.

Si ou nan Nouyòk, genyen lòt opsyon ki disponib pou jwenn yon PEP pou tikras lajan. Vizite NYC Health Map:
[https://a816-healthpsi.nyc.gov/
NYCHealthMap](https://a816-healthpsi.nyc.gov/NYCHealthMap).

Pou kote ki ofri sèvis sa yo, seleksyone apati opsyon sèvis la ki agòch:

- Sèvis Sante Seksyèl
- PrEP ak PEP
- Opson Varye Pou Moun ki pa Asire
- PEP gratis pou moun ki pa Asire

4 PWEN YO NAN PREVANSYON PEP POU VIH

1. Si ou te fè sèks oswa pataje yon zegwi avèk yon moun ki gen VIH, oswa kondisyon VIH li enkoni;
2. Epi, ekspozisyon an te fèt nan dènye 72 èdtan yo;
3. Yon famasyen fòme nan famasi sa;
4. Ka kòmanse ba ou medikaman pou ede pwoteje ou kont VIH.

Puiske PEP la dwe kòmanse rapidman, yon famasi se yon bon andwa pou ale paske:

- Famasi yo souvan tou pre epi louvri pandan lè pwolonje;
- Famasi yo genyen medikaman PEP nan depo;
- Famasyen yo se moun fòme, byenveyan ki ka ede ou nan yon fason konfidansyèl;
- Si ou fè sousi konsènan konfidansyalite, ou ka mande pale avèk yon famasyen an prive.

PEP ka prevni VIH lè moun kòmanse medikaman an pi vit posib epi pran li chak jou pandan 28 jou.

- Famasyen an kapab ede w kòmanse pran medikaman an epi pral founi ou pwovizyon pou 7 jou;
- Famasyen an pral eksplike ou enpòtans pou wè yon founisè swen sante;
- Ou kapab wè founisè swen sante regilye ou si ou genyen youn oswa famasyen an ka palnifye yon randevou avèk yon founisè swen sante pou ou.

Si ou deside kòmanse PEP nan famasi a, famasyen a pral travay avèk ou pou planifie randevou avèk yon founisè swen sante, nan entèval 1-3 jou.

Founisè swen sante a pral:

1. Evalye ekspozisyon ou ak VIH;
2. Ofri ou yon tès VIH;
3. Pran yon desizyon konsènan ba ou yon preskripsyon pou kontinye medikaman an pou tout 28 jou PEP VIH la;
4. Evalye posiblité ekspozisyon ak epatit B ak C epi adresé yo si nesesè;
5. Diskite avèk ou pou pran tout medikaman yo selon preskripsyon an.

Aprann konsènan Pwofilaksi Avan-Ekspozisyon (PrEP).

Si ou te itilize avèk siksè PEP pou ekspozisyon avansa epi ou vle pwoteje tèt ou kont VIH alavni, ou ka konsidere Pwofilaksi Avan-Ekspozisyon (PrEP). Si tès VIH la montre ke ou pap viv avèk VIH, lèsa PrEP se yon opsyon prevansyon pou ou.

Pale avèk founisè swen sante ou konsènan PrEP oswa:

- Vizite yon Klinik Sante Seksyèl Vil Nouyòk (pou rezidan NYS):
<https://a816-healthpsi.nyc.gov/NYCSiteLocator>
- Konsilie Lis Founisè PrEP pou founisè yo nan NYC epi nan tout leta a:
www.health.ny.gov/diseases/aids/general/prep/